Dwa ak Pwoteksyon Ou Kont Bòdwo Medikal Sipriz

Lè ou resevwa swen ijans oswa yon founisè ki pa nan rezo a trete ou nan yon lopital oswa sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, ou gen pwoteksyon kont faktirasyon balans. Nan ka sa yo, yo pa dwe fè ou peye plis pase kopeman, ko-asirans ak/oswa franchiz plan ou a.

Ki sa “faktirasyon balans” ye (yo rele l pafwa “faktirasyon sipriz”)?

Lè ou wè yon doktè oswa yon lòt founisè swen sante, ou ka dwe kèk depans ou peye nan pòch ou, tankou yon kopeman, ko-asirans oswa franchiz. Ou ka gen depans anplis oswa oblije peye tout bòdwo a si ou wè yon founisè oswa vizite yon etablisman swen sante ki pa nan rezo plan sante ou a.

“Out-of-network” (Ki pa nan rezo a) vle di founisè ak etablisman ki pa siyen yon kontra ak plan sante ou a pou bay sèvis. Yo ka pèmèt founisè ki pa nan rezo a voye bòdwo ba ou pou diferans ki genyen ant sa plan ou a peye ak montan total yo chaje pou yon sèvis. Yo rele sa “balance billing” (faktirasyon balans). Montan sa a ka pi wo pase depans nan rezo a pou menm sèvis la epi li ka pa konte nan franchiz plan ou a oswa nan limit anyèl depans ou peye nan pòch ou.

“Surprise billing” (Faktirasyon sipriz) se yon bòdwo balans ou pa t atann. Sa ka rive lè ou pa ka kontwole kiyès ki patisipe nan swen ou yo — tankou lè ou gen yon ijans oswa lè ou pran randevou nan yon etablisman ki nan rezo a men yon founisè ki pa nan rezo a trete ou san ou pa t atann sa. Bòdwo medikal sipriz yo ka koute plizyè milye dola selon pwosedi a oswa sèvis la.

Ou gen pwoteksyon kont faktirasyon balans pou:

Sèvis ijans

Si ou gen yon pwoblèm medikal ijans epi ou resevwa sèvis ijans nan men yon founisè oswa etablisman ki pa nan rezo a, kantite maksimòm yo ka fè ou peye se montan pataj depans plan ou a nan rezo a (tankou kopeman, ko-asirans ak franchiz). Yo pa ka fè ou peye faktirasyon balans pou sèvis ijans sa yo. Sa gen ladan sèvis ou ka resevwa apre eta ou vin estab, sof si ou bay konsantman alekri epi ou renonse ak pwoteksyon ou pou yo pa fè ou peye faktirasyon balans pou sèvis apre estabilizasyon sa yo

Sèten sèvis nan yon lopital oswa sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a

Lè ou resevwa sèvis nan yon lopital oswa sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, kèk founisè la ka pa nan rezo a. Nan ka sa yo, kantite maksimòm founisè sa yo ka fè ou peye se montan pataj depans plan ou a nan rezo a. Sa aplike pou sèvis medsin ijans, anestezi,

patoloji, radyoloji, laboratwa, neyonatoloji, chirijyen asistan, doktè lopital oswa entansivis. Founisè sa yo pa ka fè ou peye faktirasyon balans epi yo pa ka mande ou pou renonse ak pwoteksyon ou pou yo pa fè ou peye faktirasyon balans. Si ou resevwa lòt kalite sèvis nan etablisman sa yo ki nan rezo a, founisè ki pa nan rezo a pa ka fè ou peye faktirasyon balans sof si ou bay konsantman alekri epi ou renonse ak pwoteksyon ou.

Yo pa janm egzije ou renonse ak pwoteksyon ou kont faktirasyon balans. Yo pa egzije ou pou resevwa swen ki pa nan rezo a nonplis. Ou ka chwazi yon founisè oswa etablisman ki nan rezo plan ou a.

Kontakte Depatman Asirans Pennsylvania (Pennsylvania Insurance Department) nan www.insurance.pa.gov/nosurprises oswa pa telefòn nan 1-877-881-6388 oswa TTY/TDD: 717-783-3898 si ou gen difikilte pou jwenn yon founisè oswa etablisman nan rezo plan ou a.

Lè faktirasyon balans pa pèmèt, ou genyen pwoteksyon sa yo tou:

- Ou responsab sèlman pou peye pati pa ou nan depans lan (tankou kopeman yo, ko-asirans lan ak franchiz la ke ou t ap peye si founisè a oswa etablisman an te nan rezo a). Plan sante ou a ap peye nenpòt depans anplis bay founisè ak etablisman ki pa nan rezo a dirèkteman.
- An jeneral, plan sante ou a dwe:
    - Kouvri sèvis ijans yo san egzije ou jwenn apwobasyon davans pou sèvis yo (yo rele sa tou ”prior authorization” [otorizasyon alavans]).
    - Kouvri sèvis ijans yo founisè ki pa nan rezo a bay.
    - Baze sa ou dwe founisè a oswa etablisman an (pataj depans) sou sa li t ap peye yon founisè oswa etablisman ki nan rezo a epi montre montan sa a nan eksplikasyon sou avantaj ou yo.
    - Konte nenpòt montan ou peye pou sèvis ijans oswa sèvis ki pa nan rezo a nan franchiz ou nan rezo a ak limit depans ou peye nan pòch ou.

Si ou panse yo voye yon bòdwo ba ou pa erè, ou ka kontakte Depatman Asirans Pennsylvania nan www.insurance.pa.gov/nosurprises oswa pa telefòn nan **1-877-881-6388 oswa TTY/TDD: 717-783-3898**. Nimewo telefòn federal pou enfòmasyon ak plent se: **1-800-985-3059**.

Vizite www.insurance.pa.gov/nosurprises pou plis enfòmasyon sou dwa ou yo dapre lwa federal ak lwa eta a. Ou ka vizite tou www.cms.gov/nosurprises/consumers pou enfòmasyon ki soti nan gouvènman federal la.